ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

№17 (408), 11 мая 2021г.



Ведучи

gazeta.veduchi@mail.ru gazeta.veduchi Свободная цена

Поздравление Главы Чеченской Республики,

Героя России Р.А.Кадырова с Днем Победы

Дорогие соотечественники!



Примите искренние поздравления с одним из главных государственных праздников России **– Днем Победы!**

Эта дата символизирует величие и могущество нашего Отечества. Она вселяет в наши сердца гордость за героизм предков, воевавших на полях сражений Великой Отечественной войны, золотыми буквами вписавших свои имена в историю человечества и прославивших нашу страну как родину воинов и патриотов.

Наши отцы, деды и прадеды сыграли решающую роль в разгроме фашистской Германии. Благодаря бессмертному подвигу наших предков мы живем под мирным небом на процветающей земле и уверенно строим свое будущее.

Сегодня мы с гордостью вспоминаем наших земляков, которые добровольцами уходили на фронт и сражались за свободу и благополучие. Жители нашей республики принимали участие во всех крупных битвах ВОВ – от обороны Брестской крепости до штурма Рейхстага. Они внесли весомый вклад в общую победу. Многие – ценой собственной жизни!

Тысячи чеченцев – солдат и офицеров – были удостоены самых высоких наград за свои подвиги. Республика дала стране девять Героев Советского Союза. За весомый вклад в победу над немецко-фашистскими захватчиками городу Грозному присвоено звание «Город воинской славы».

Дорогие соотечественники! От всей души поздравляю вас с очередной годовщиной Великой Победы в ВОВ! Желаю мира, благополучия и процветания! С праздником вас!

Р.А.КАДЫРОВ Глава Чеченской Республики

10 май – Нохчийн Республикин халкъийн Иэсан а, лазаман а де

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин турпалхочун Кадыров Рамзанан кхайкхам

Хьомсара вежарий, йижарий!

Тахана Нохчийн Республикин халкъийн Иэсан а, лазаман а де ду. Ерриге а ярташкахь, гІаланашкахь адамаша дагалоьцу историн тайп-тайпанчу муьрашкахь кхелхина шайн гергарнаш а, махкахой а. Іуьйранна уьш кешнашка а, мемориальни комплексашка а, бохаме хиламаш хиларца йоьзначу меттигашка а боьлху къизачу хиламашкахь мел кхелхинарш дагалаца, царна доІа дан, Деле царна гечдар деха.

Вайн халкъан дуккха а бохамаш лан дезна – паччахьан Іедалан ражан къизаллина, Сталинан Іазапна тІера дуьненаюкъарчу террористашна дуьхьал дІабаьхьначу шина тІамна тІекхаччалц. Инзаре дукха цІий Іенош хиллачу оцу къизачу хиламашкахь зударий, бераш, къаной хІаллакьхуьлура. Ярташ, кІотарш чІана йохура, хІаллакйора, ягайора.

Веза а, Сийлахь а волчу АллахІан къинхетамца нохчийн халкъ къар ца делира. Иза ерриге а халонех, баланех чекхделира. Нохчийн халкъан паргІатонан а, аьттонан а дуьхьа эгна вайн къоман бакъболу кІентий а, йоІарий а дагалоьцу вай тахана.

Халкъан иэсехь гуттаренна а даха дуьсур ду Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин а, цуьнан бІанакъостийн а хьуьнар, доьналла, вайн хІокху махкахь машар а, къепе а хилитаран дуьхьа шайн дахар дІаделла болчу. Церан турпалалло вайн къам дерриге а хІаллакьхиларх кІелхьарадаьккхина.

Уьш бахьанехь вай гуттаренна а дІабаьккхина тІом. Дерриге а бегІийла хьелаш кхоьллина вайн дуккха а къаьмнийн юкъараллехь хьакъ ма-дду даха.

Нохчийн Республикин халкъийн Иэсан а, лазаман а де юкъадаьккхина вайга вешан историн къиза агІонаш цкъа а йиц ца яйта, уьш кхин ца хийлийтархьама дерриге а дайта. Оцу дийнахь вай сагІанаш доху вайн кхелхинчу махкахошна тІера, вовшашна къинтІера довлу. Вайн сийлахь декхар ду оццул беза мах дІалуш вайга кхаьчначу диканан хама бар, иза лардар, алсамдаккхар.

Нохчийн Республикин халкъийн исторехь хиллачу берриге а къизачу хиламашкахь хІаллакьхиллачарах къинхетам бойла Веза а, Сийлахь а волчо! АллахІа хьикмат а, кхетам а лойла вайна яханчу хенахь дийлийтина гІалаташ юха ца дийлийта.

Хьомсара махкахой!

Маьрша дехийла шу. Доьзалшкахь беркат, ирс лаьттийла, ондда могашалла а, кхиамаш а хуьлда шун!

Везачу АллахІа къобалдойла вайн Рамадан беттан парз марханаш!

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан марханаш дастаран дезачу денца доьзна декъалдар

Хьомсара вежарий, йижарий!

Даггара декъалдо шу Исламан сийлахьчу марханаш дастаран дезачу денца. Дийнахь сарралц кхача ца бууш, хи ца молуш Іарца бусалбаншаша шайн ийман, собар зуьйш болу мур чекхбаларан билгало ю иза.

Вай сийлахь Рамадан бутт новкъа боккху вайна тІедехкинчу декхаршца (парзашца, суннаташца) вай хьакъ ма-дду ларийна хиларх, даггара тешна а долуш, Делера ял хиларе сатийсарца. Вай хІора дийнахь марха а кхобура, вай кхоьллина волчу Сийлахь-Везачу АллахІана хастамаш а бора, Цуьнга дехарш деш вешан доІанаш а дора, Цунна ойла тІе а ерзайора, Цуьнан къинхетамах, Цо къинхетам бийриг хиларх чІогІа тешна а долуш.

Оцу дийнахь бусалбаншаша вовшашна совгІаташ до, вовшийн марханаш къобалдо, гергарчаьрга доьлху, гІо до гІийлачарна, цомгашчарна, гІорасиз болчарна, Дала базбина баийтина сийлахь Рамадан хьакъ ма-дду чекхбаккха, берзо гІерта.

Беттан ерриге а йохаллехь вайх хІора а сагІанаш дахарца, марха кхабарца, Іамал-Іибадат дарца вешан диканаш совдаха гІертара. Суна къаьсттина билгалдаккха тамехь ду Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цІарахчу регионан юкъараллин фондо Рамадан баттахь цкъа а ца даьккхинчу барамашкахь доккха сагІадаьккхина хилар. И сагІа 100 эзар сов доьзале кхаьчна. Республикин хІора юьртахь, шахьарахь бехаш болчу таронаш ледара йолчу массо а доьзалан аьтто бина мархадастийта. Шеко йоццуш, оцо тоьшалла до вай Кхоьллинчун къинхетам доза доцуш хиларна, Цо вайн аьтто бина вовшашна гІо дан, вайн сийлахь-безачу махкахь маьрша, беркате даха.

Хьомсара бусалбанаш!

Дала къобалдойла шун марханаш, шун Іибадаташ! Дала жоп лойла шун доІанашна! Дала Шен къинхетам тІебоссабойла вайна! Лаьа шу дерриге а маьрша дехийла, шун аьтто хуьлийла! Лекха Волчо гІо дойла шуна дикачу дІадолорашкахь!

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а хьост

Общество. Политика

Р.Кадыров: Беспредел в Восточном Иерусалиме нужно немедленно остановить

Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров призвал израильские власти урегулировать конфликт в Восточном Иерусалиме и прекратить преследование мусульман в регионе.

«Ничем не оправданную силовую операцию провели в эти дни израильские власти в Восточном Иерусалиме. В последнюю пятницу Рамадана, когда тысячи верующих собрались в мечети Аль-Акса, туда вломился до зубов вооруженный израильский спецназ. В результате применения оружия и спецсредств получили ранения сотни мирных, безоружных людей. Вся их вина была в том, что они хотели помолиться», – написал Р.Кадыров в своем Телеграм-канале.

Он напомнил, что у мусульман всего мира два наиболее почитаемых праздника и Рамадан является одним из них.

«Власти Израиля выбрали для проведения карательной операции самые священные для верующих дни. Это ничто иное, как провокация в самой изощренной форме. И вся так называемая демократическая



Европа наблюдает, затаив дыхание. Где ваши, господа либералы, лозунги об ущемлении прав человека», – отметил Глава ЧР.

По его мнению, «Израиль своей провокацией хочет, чтобы обиженные или оскорбленные мусульмане где-то в отместку нарушили закон».

«Ведь потом можно будет из всех рупоров снова кричать, что последователи религии Ислам террористы. Это спланированная идеологическая политика, которая известна всем мыслящим людям. Мировое сообщество не должно и не вправе молчать на фоне происходящего. Беспредел в Восточном Иерусалиме нужно немедленно остановить. Так или иначе он будет остановлен. Не сомневайтесь», – подчеркнул Р.Кадыров.

По его словам, мусульмане не будут постоянно терпеливо ждать, пока «эти бесконечные, циничные нападки на мечеть и репрессии верующих прекратятся».

«Учтите, что Аль-Акса – одна из трех важнейших святынь для всех последователей Ислама. Можно обыгрывать мои слова как угодно, но мы, мусульмане, никому не позволим шутить с нашей святыней. Если понадобится, не пожалеем жизни, чтобы уберечь Аль-Аксу и ради нашей веры», – отметил глава республики.

Также Р.Кадыров считает, что «в создавшейся ситуации лучше для всех будет, если власти Израиля опомнятся и с полным осознанием того, что виновны в случившемся, извинятся за произошедшее».

«Урегулируйте конфликт, пока не поздно, иначе масштабы последствий будут плачевными», – резюмировал Р.Кадыров.

Пресс-служба Главы и Правительства Чеченской Республики

ОНД и ПР предупреждает

Меры пожарной безопасности в летний пожароопасный период

Лето уверенно вступает в свои права. Открывается дачный сезон и вместе с ним неизбежно начнутся пожары, вызванные бесконтрольным выжиганием сухой травы, камыша и мусора. Как показывает практика, основными причинами таких пожаров является нарушение правил пожарной безопасности владельцами жилых домов при уборке территории.

Отдел надзорной деятельности Шатойского, Итум-Калинского и Шаройского районов напоминает, что разведение костров вблизи построек, а также выжигание сухой травы – грубейшие нарушения правил пожарной безопасности.

Поэтому гражданам необходимо не только знать, но и соблюдать следующие правила и требования пожарной безопасности:

– своевременно очищать свой участок и прилегающую к нему территорию от сухой травы и горючего мусора;

– на территориях населенных пунктов и дачных участков запрещается устраивать свалки горючих отходов;

– не загромождать проезды улиц, ведущих к садовым участкам, ветками деревьев и мусором, т.к. все это будет препятствовать проезду пожарных автомобилей;

– у каждого жилого строения необходимо устанавливать емкость с водой или иметь огнетушитель;

– на территориях домовладений запрещается хранить на открытых площадках и во дворах емкости с легковоспламеняющимися и горючими жидкостями, а также баллоны со сжатым и сжиженным газом.

При отдыхе на природе разведение костров запрещено на расстоянии менее 50 метров от зданий и сооружений, а также в пределах минерализованных полос. Одной из причин многих пожаров и возгораний сухой травы является неосторожность при курении.

Незатушенные сигареты, оброненные окурки – сегодня главный источник больших и непоправимых бед.

Сотрудники ОНД призывают жителей Шатойского, Шаройского и Итум-Калинского районов соблюдать элементарные меры пожарной безопасности, а при возникновении пожара немедленно сообщить о нем в пожарную охрану по телефону

Шатойского района по телефону: **(8)-871-352-22-01 или 112,**

Итум-Калинского района по телефону: **(8)-871-642-22-01 или 112,**

Шаройского района по телефону: **(8)-963-581-36-55 или 112.**

Самое главное правило при возгорании – не поддаваться панике и не терять самообладания.

ОНД и ПР по Шатойскому, Итум-Калинскому и Шаройскому районам

Содействие занятости

О предоставлении грантов в форме субсидий

В целях реализации постановления Правительства Российской

Федерации от 13 марта 2021 года № 369 «О предоставлении грантов в форме субсидий из федерального бюджета некоммерческим организациям на реализацию мероприятий по организации профессионального обучения и дополнительного профессионального образования отдельных категорий граждан в рамках федерального проекта «Содействие занятости» национального проекта «Демография»»

Итум-Калинским центром занятости населения проводится работа по отбору участников данной программы на прохождение профессионального обучения и дополнительного профессионального образования бесплатно, а именно:

– граждан в возрасте 50-ти лет и старше, а так же лиц предпенсионного возраста;

– граждан, ищущих работу и обратившихся в органы службы занятости, включая безработных граждан;

– женщин, находящихся в отпуске по уходу за ребенком в возрасте до трех лет, а также женщин, имеющих детей дошкольного возраста, не состоящих в трудовых отношениях.

А также в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 13 марта 2021 года № 362 «О государственной поддержке в 2021 году юридических лиц и индивидуальных предпринимателей при трудоустройстве безработных граждан» работодатели могут получить субсидию в виде частичной компенсации затрат работодателя на выплату заработной платы работникам из числа трудоустроенных безработных граждан.

В связи с этим доводим до сведения работодателей,

работников и не работающих граждан из вышеперечисленных категорий, что желающие стать участниками указанных программ, за получением данных услуг могут обращаться в ГБУ «ЦЗН Итум-Калинского района» по адресу: с.Итум-Кали, ул. Кадырова 36, телефон для справок: 8 (871) 642-22-72.

М. ДУКАЕВА
директор ГБУ «ЦЗН Итум-Калинского района»

Роспотребнадзор

Цифровое мероприятие «Я ответственно соблюдаю правила гигиены»

С целью повышения культуры гигиены, знакомства с наглядными материалами Минздрава РФ и Роспотребнадзора о соблюдении мер предосторожности на рабочих местах и в быту приглашаем принять участие в цифровом мероприятии «Я ответственно соблюдаю правила гигиены», которое состоится с 14 апреля по 14 мая 2021 года в дистанционном цифровом формате.

К участию приглашаются государственные и муниципальные служащие, педагогические работники, все заинтересованные совершеннолетние граждане РФ.

Участие и все сервисы предоставляются на бесплатной/безвозмездной основе.

Мероприятие носит просветительско-образовательный характер. Участие осуществляется на добровольных началах.

Более подробная информация опубликована на федеральной площадке информационных технологий

РФ http:/ФедеральнаяПлощадка.РФ в разделе «Актуально».

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин -70 шо кхачарна

Къоманна беркат делира цунах

… Эхь дара-кх вайна, цуьнан даге хьаьжна ца хилча…
Эхь дара вайна, цо шен доIанашкахь дукха ехна бакъо Делан пурбанца толийта ца хьаьвсича… .
Эхь дара вайна, ваьш вовшашца а, дуьненца а бакъо хиларца цу дикачу къонахчун а, вешан а сатийсам кхочушбан ца гIоьртича…
(Л.Абдулаев)

Цхьа стаг шен оьмарехь кхочушдан кхуьуш долу гIуллакхаш дукха хуьлуш дац. Адамашлахь даха, ша диначарах цхьа-ши хIума дисча а, цунах тоам бина ца Iаш, воккхавевойла ду. Ткъа Кадыров Ахьмад – Хьаьжех дерг аьлча, дагардина ца валлал дукха ду цунах вайна къомана даьлла беркат. Тахана, Нохчийчуьра хьал цхьана Iаламат дикачу хорша а дирзина, адам паргIат даха доладелча, вайна диц ца ло Ахьмад-Хьаьжас вайн къоман а, мехкан а дуьхьа шен са ца кхоош хьегна къа, дина некъаш.

Шен сина, дегIана долчунна майралла эккха а воллуш, махкана хила тарлучу сингаттамна, бохамна хазнеха санна сема, экама, тIаьхьа а, хьалха а хьаьжна волу стаг дукха ца нисвелла вайн къоманна коьртехь.Ткъа Ахьмад-Хьаьжа хила мавеззара мехкан тхьамда вара. Иза вайна чIогIа оьшура. Амма Делан кхиэл ца лелча цаяларна, дIавахара иза. ДIавахара, шен декхар дуьззина кхочушдина, халкъана гергахь гуттаренна долу сий а дуьсуш. Далла гергахь, Дала мукъ лахь, шахIидан дарже а кхочуш.

Хастамечу Далла дика хууш хиллера Нохчийчоьнна коьрте мила валон веза а, стенна тIехь, муха цуьнан аьтто бан беза а.

Тахана куьг кхочехь болчу нахе



ладоьгIча а хаьа, нохчаша Ахьмад-Хьаьжас шайн дуьхьа дIа мел левзинчу коган а, дIааьлла я алаза дисинчу дешан а хама-пусар дойла. Нохчашна дика хаьа, шайн паччахь лаьттина волчу Кадыровс шайн дуьхьа шен са а, дахар а ца кхоийнийла. Машаречу дахаре неIарш схьайиллина, къомана шен кхане гайтар – иза ду-кх вайна а, вайн тIаьхьенашна а дицлун доцург.

Цхьацца хийцамаш хаало вайн къоман кхетамехь а. ХIинц-хIинцалц обаргех къоман турпалхой беш даьхнехь а, тахана шен бакъболчу къонахех масал оьцуш, царах Iемаш схьадогIуш хетало къам. Иза бу Ахьмад-Хьаьжа бахьанехь вайна хиллачу пайданех баккхийчех боккха пайда.

ТIом кхирстина мехкаш меттахIоттадар аттачех дац. Оцу балхана хан-зама эшарал сов, и болх бан ондда лаам, хьуьнар, ницкъ болу адамаш а оьшу. ЧIагIдан деза, цу декъехь а дика тIаьхье йитина Ахьмад-Хьаьжас. Цо хаьржинчу новкъара ца вала нийат долуш ву вай вайн таханлера мехкан куьйгалхо Кадыров Рамзан. Дикане сатийсар де-дийне мел дели алсам дуьйлуш, хьаналчу къинхьегамашца шен доьзалан а, мехкан а хьал тодан, лакхадаккха ойла йолчу вайн махкахойн могIанаш а ду шорлуш, дебаш. «Луларчу къаьмнел оьшуш доцуш Iен а, даха а дезаш ду вайн къам»,– олура Ахьмад Хьаьжас. Ахьмад-Хьаьжа цIена, хила ма-веззара нохчо вара. Иза къонах вара. Ахьмад-Хьаьжа вайца ву. Вайн дегнашкахь, ойланашкахь. Цуьнан сийлахь цIе даима а ехар ю халкъан иэсехь.

Даггара лаьа, кхиамаша корта ца хьовзош, вовшийн лардан хууш, вешан нохчаллин-бусулбаллин шед баста ца болуьйтуш, лула-кулахь болчаьрца вежараллин гIиллакх, гIуллакх лардан хууш, кху маьршачу новкъа дIадаха Дала вайна пурба лойла.

Дала декъалвойла Ахьмад-Хьаьжа! Дуьне мел лаьтта, абаде-абадаллалц бехар бу уьш – къонахий, гIазотан охIланаш.

У.ЛОРСАНУКАЕВ

С.Межиев: Вайн паргIат даха а, болх бан а таро ю Кадыров Ахьмад-Хьаьжин хьуьнар баьхьанехь

Нохчийн Республикин халкъийн Иэсан а, лазаман а дийнахь Нохчийн Республикин Куьйгалхо Кадыров Рамзан Нохчийн Республикин муфтица Межиев Салахьца, Россин Пачхьалкхан Думин депутатца Делимханов Адамца, Нохчийн Республикин Парламентан Председательца Даудов Мохьмадца, Правительствон Председательца Хучиев Муслимца Ахьмад-Юьрта Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин коша барза тIе зерате баьхкира. Иштта вайн халкъан сийлахьчу кIентан Ахьмад-Хьаьжин сий-ларам бан республикин Iедалан, динан векалш а баьхкира кхуза.

Россин Пачхьалкхан Думин депутата Делимханов Адама билгалдаьккхира, Кадыров Ахьмад-Хьаьжа шен Даймехкан а, нохчийн къоман а бакъволу хьуьнаре кIант хилар а, бIаьрнегIар ца тухуш вайн махка чу яьржинчу терроризмана а, ваххабизмана а дуьхьал цо луьра къийсам латтор а.

«ТIеман шерашкахь кхелхина болу Ахьмад-Хьаьжин бIанакъостий баккъал а цIена, тешаме, хьанала, нохчийн лаьтта тIехь машар дIахIотто шайн дахарш ца кхоийна адамаш дара. Тахана ваьш нохчий хилар, стенгга дахча а дозаллица ала йиш йолуш ду вай, хIунда аьлча вайн хьалхарчу Президентан хьекъале политика бахьана долуш, вайн махкахь дерриге а бегIийла хьелаш кхоьллина, дуккха а къаьмнийн юкъараллехь хьакъ ма-дду даха таро йолуш. Мохьаммад Пайхамаран (I.с.в.) суннат а, вайн эвлаяийн Iилма а даржорхьама иза тIамна дуьхьал велира. Шен халкъан дахар беркате, токхе хилийтарна шен дахар а ца кхоийра».

Нохчийн Республикин муфтис Межиев Салахьа а элира, Кадыров Ахьмад-Хьаьжа кIорггера Делах а, нохчийн къоман доьналлех а тешаш хиларна, вайн мохк мостагIехь дIацIанбан а, къам хIаллакьхиларх кIелхьарадаьккха а ларавелира.

«Ахьмад-Хьаьжа бераллехь дуьйна а Ислам дин а, Къуръан а довзарехь кIорггера хаарш долуш а, Элчанан (I.с.в.) суннаташ лелош а вара. Тахана вай паргIат даха а, болх бан а таро ю Кадыров Ахьмад-Хьаьжин хьуьнар баьхьанехь. Цуьнан доьналлех, хьуьнарх, толамах дийца дуккха а ду. Иза а, цуьнан бIанакъостийн а хьуьнар, доьналла бахьана долуш, вайн махкахь машар а, къепе а дIахIоьттина. Церан турпалалло вайн къам дерриге а хIаллакьхиларх кIелхьарадаьккхина. Цуьнан кIанта, вайн Куьйгалхочо, Дала Iалашвойла иза, дерриге а до вайн дахар токхе, беркате хилийта, вайн махкахь дерриге а диканиг хилийта», – билгалдаьккхира муфтис.

Халкъан иэсехь гуттаренна а даха дуьсур ду Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин хьуьнар, доьналла. Цхьанакхетар доIица дерзийра.

Л.ИБРАГИМОВА
гочдеш пайдаэцна «Грозный-информ» хаарийн агенствон зорбанах

Р. Кадыров: Все достижения непрерывно связаны с именем Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова



Достижения Чеченской Республики непрерывно связаны с именем Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова, написал Глава ЧР Рамзан Кадыров, комментируя на своей странице в соцсети первое место, которое занял г. Грозный.

«Чеченская Республика продолжает уверенно лидировать по уровню жизни населения, безопасности, медицины, образования, по качеству дорог и другим показателям. На этот раз, согласно исследованию, проведенному Минстроем России, наша любимая столица – Грозный – уверенно лидирует в десятке самых комфортных городов России. По индексу качества городской среды Грозный занимает первое место в рейтинге», – написал он.

Глава ЧР подчеркнул, что Чеченская Республика навсегда покончила с войной и превратилась в самый безопасный регион страны, строго следуя курсу Ахмата-Хаджи.

«Благодаря постоянной поддержке Президента России Владимира Путина нам удалось за рекордные сроки достичь колоссальных успехов. Грозный был очищен от руин, отстроен заново и в итоге стал еще краше, лучше и образцово-показательным субъектом РФ. Это был тяжелый путь», – написал глава региона.

Р. Кадыров отметил, что вместе с жителями ЧР радуются успехам многочисленные туристы и гости из всех уголков мира.

«Они искренне восхищаются достижениями республики, с большим восторгом делятся своими впечатлениями и, самое главное, возвращаются в Грозный при каждом удобном случае. Сегодня принимаемые меры, направленные на повышение качества медицины, образования, развитие АПК и дорожного хозяйства, промышленности и экономики, а также других сфер жизнедеятельности, способствуют решению задач, стоящих перед нами. В итоге Чеченская Республика ежегодно занимает первые позиции во всероссийских рейтингах. Все это является справедливым итогом нашего общего совместного труда»,– написал Глава ЧР.

Пресс-служба Главы и Правительства Чеченской

Благотворительная акция РОФ

В Итум-Калинском муниципальном районе прошла благотворительная акция от РОФ им. Первого Президента Чеченской Республики, Героя России А-Х.Кадырова (Дала гIазот къобал дойла цуьнан), приуроченная к одной из священных ночей Рамадана – Ляйляту-ль-Кадр.

135 малоимущих и остронуждающихся семей муниципалитета получили мясо жертвенного животного.

Жители района выразили искреннюю благодарность Главе ЧР Рамзану Ахматовичу Кадырову и Президенту РОФ Аймани Несиевне Кадыровой за неустанное внимание, заботу, а также помощь нуждающимся в священный месяц Рамадан.

Б.ЧАПАЕВ

76 лет Великой Победе

Никто не забыт, ничто не забыто



9 мая 2021 года в МБОУ «СОШ с. Итум-Кали им. Х. Исаева» прошел торжественный митинг «Слава Победе!», посвященный 76-й годовщине Победы советского народа в Великой Отечественной войне, в котором приняли участие коллективы организаций и учреждений Итум-Калинского района.

Торжественный митинг, посвященный празднованию Дня Победы, открыл заместитель Главы администрации Итум-Калинского муниципального района М.Х.Муртазов.

В ходе митинга учащиеся из ВПК «Высота» МБОУ «СОШ с. Тазбичи имени Г. Х. Юсупова» читали проникновенные стихи о военном лихолетье и исполняли военно-патриотические песни.

Ведущие митинга зачитывали имена: сначала тех, кто пал смертью храбрых на полях сражений, затем тех, кто умер в мирное время. Героев, участвовавших в Великой Отечественной войне 1941-1945гг., вписавших свои имена в историю Итум-Калинского района более 200 человек. В одной Брестской крепости в первый день войны их было 19 молодых ребят.

Вот имена наших героев: Узуев Магомед, удостоенный звания Героя России, Имадаев Магомед - легендарный комиссар, Имадаев Ахмад - легендарный летчик-испытатель, Межиев Дауд, Мегиев Мухтар, Батукаев МухIадин и т.д.

Память ветеранов Великой Отечественной войны почтили минутой молчания. Завершилось мероприятие возложением цветов к подножию обелиска Героям Великой Отечественной войны 1941-1945гг.

Р.РИЗВАНОВ

Смотр-конкурс

В честь Дня Победы

В Итум-Калинской СОШ им.Х.Исаева прошел муниципальный этап смотра-конкурса, посвященного 76-летию Великой Победы нашего народа в Великой Отечественной войне 1941-1945гг.

На смотре присутствовали представители погранзаставы «Тусхарой» и ОГ ВОГО и П МВД в Итум-Калинском районе ЧР.

Конкурс состоял из двух частей:

а) строевая программа,

б) инсценированная песня

За ходом смотра-конкурса наблюдало авторитетное жюри в составе главы администрации района Х.А.Зулаева, начальника Итум-Калинского отдела МВД Р.В.Цабаева, представителя республиканского Профсоюза В.Алхастова.

По итогам соревнований 1-е почетное место завоевали участники ВПК «Горцы» МБОУ «СОШ с. Итум-Кали им.Х.А.Исаева». 2-место присуждено ВПК «Десантники» МБОУ «СОШ с. Тазбичи им.Х.Г.Юсупова».

На 3 месте - ВПК «Высота» МБОУ «ООШ с. Кокадой». Поздравляя победителей, Хамид Альсодович подчеркнул роль коллективов школ района в деле военно-патриотического воспитания молодого поколения, а также поблагодарил учительницу Итум-Калинской школы Л.А.Имадаеву за значительный вклад в развитие военно-патриотических клубов в образовательных учреждениях района.

Р.САРАЛИЕВ



Экологи

КIоштан цIеналла ларъян еза



Мархадастаран де тIекхочуш, лаьмнийн Итон-Кхаьллан кIоштахь меттигаш цIанъяран Iалашо йолуш, районан организациийн, учрежденийн белхахоша дIабаьхьира юкъара белхеш.

Итон-Кхаьллан юьртан администрацин куьйгалхочо Мусаев Сайд-Салахьа дийцира иштта гIуллакхаш кест-кеста дIахьош хилар а, юьртарчу цхьаболчу бахархоша шайн хьашташ кхочушдинчул тIаьхьа, нехаш дIакхуьссуш, магийна доцчохь оьланаш яр юкъарчу цIанонна лазаме гIуллакх хилар а.

–Хин, хьаннийн йистошца, йуьйшлелочу аренашкахь, тIаьхьалонан ойла а ца еш, кхуллуш йолчу оьланаша латта а, гонахара хIаваъ а, хиш а бехдо. Иштта, дIакхиссинчу нехаша ораматийн а, акхаройн а Iалам хIаллакдо, – довзийтра цо. – Сих-сиха нислуш хIума ду, закон талхош, шена хеттачу, кертара арайевлчахьана, нехаш миччанхьа а дIакхиссар. Къаьсттина, кертахь ремонташ ечара талхабо экологи ларъяран лехамаш. Иштта, бен ца хеташ, юкъараллин меттигаш ца ларочу бахархошца законца догIуш, кIоршаме къамел хир ду тхан, – билгалдаьккхира цо.

Нохчийчохь дIахьочу «Экологи» къоман проектан гурашкахь вайн республикин Iалам лардаран а, цIандаран а дуьхьа дуккха а гIуллакхаш ду дIахьош. Царах коьрта лоруш ду нах бехачу меттигашкарчу экологин хьал дика хилийтар. Магийна доцчу меттигашка нехаш дIакхиссаро доккха зен до. Уггаре а хьалха, йовхачу хенахь, боьха хьожа оьху царах. ХIаваъ бехдо. Царна юххехь Iер-дахар кхераме ду пехашца цамгар йолчунна а, аллерги хуьлучунна а. Цул сов, дохнна а кхераме ю уьш. Iаламан цIеналлех йоьзна ю цигахь бехачу нехан, дийнатийн, ораматийн могашалла. Цундела вайх хIорамма а Iалам лардан деза. Кхин дIора къахьега а ца деза, ша вехачохь, ша лелачохь шел тIаьхьа нехаш йита ца еза, я кхечо йитинехь, шен ницкъ кхочучу барамехь, уьш дIаяха хьажа веза.

С.АСТАМИРОВА

Объявление

XIII Всероссийский журналистский конкурс «Многоликая Россия»



Республиканским агентством по печати и массовым коммуникациям «Татмедиа» объявлен прием заявок на участие в XIII Всероссийском журналистском конкурсе «Многоликая Россия».

Всероссийский журналистский конкурс «Многоликая Россия» проводится с целью содействия популяризации национальных традиций и обычаев; формирования интереса к культуре и искусству различных народов, проживающих на территории Российской Федерации и за ее пределами; сохранения уникальных ценностей традиционной культуры народов; воспитания уважительного отношения к культуре народов, их традициям и обычаям.

Конкурс проводится по следующим номинациям: «Цикл телесюжетов», «Телепроект (документальный фильм, цикл телепрограмм)», «Цикл радиопередач (репортажей)», «Цикл публикаций в печатных изданиях», «Цикл материалов в Интернет-СМИ», «Детско-юношеские просветительские проекты в СМИ», в 2021 году введена специальная номинация «Лучший медиапроект в СМИ, посвященный Году родных языков и народного единства в Республике Татарстан».

В соответствии с номинациями Конкурса заявители представляют конкурсные работы, вышедшие в СМИ в период с 1 августа 2019 года по 1 августа 2021 года. Прием анкет-заявок и конкурсных работ от участников конкурса осуществляется до 1 августа 2021 года (включительно) по адресу: Республиканское агентство по печати и массовым коммуникациям «Татмедиа», 420066, Татарстан, г.Казань, ул.Декабристов, д.2, 6 этаж, 608 кабинет, отдел СМИ. E-mail: mnogolikayaRT@mail.ru. Тел.: 8 (843) 570-31-12.

https://www.instagram.com/p/COunXgQhGYz/?igshid=pdx1ou5dsw28

Республиканское агентство по печати и массовым коммуникациям «Татмедиа»

Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92 тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий" Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 11.05. 2021. по графику в 18.00, по факту в 18. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №